**REZYUME.** Ushbu maqolada o'qituvchilar ESPni barcha mahorat darajasidagi talabalarga o'rgatishda muntazam ravishda duch keladigan qiyinchiliklarni ko'rib chiqadi. Biz bilamizki, talabalar bir-biridan qobiliyatlari bilan farq qiladi, bu ularning qanday o'rganishi va ularga nimani o'rgatish kerakligiga ta'sir qiladi. Talabalar hayotning turli qatlamlaridan bo'lganligi va qiziqishlari turlicha bo'lganligi sababli, samarali o'rganish uchun an'anaviy o'qitish usuli qo'llanilmasligi mumkin. Maqolada turli darajadagi o'qitish guruhlari muammolari bo'yicha tadqiqotlar tahlil qilinadi. Ushbu tadqiqotning maqsadi yaxshi o'rganishni ta'minlashning bir qismi bo'lgan qo'llab-quvvatlovchi ish muhitini yaratishdir.

**РЕЗЮМЕ.** В этой статье рассматриваются проблемы, с которыми преподаватели регулярно сталкиваются при обучении ESP студентов с разными уровнями подготовки. Мы знаем, что студенты отличаются друг от друга своими способностями, что влияет на то, как они учатся, и чему их нужно обучать. Поскольку студенты приходят из разных слоев общества, с разным уровнем подготовки и интереса, традиционный метод обучения может оказаться невозможным для эффективного обучения. В статье анализируются исследования по проблемам обучения групп разного уровня подготовки. Цель этого исследования состоит в том, чтобы создать благоприятную рабочую среду, которая является частью обеспечения лучшего обучения.

**SUMMARY.** This article deals with the challenges teachers regularly face when teaching ESP to mixed-ability students. We know that students are different from one another which affects how they learn and need to be taught. Since students come from varying backgrounds, with differing levels of readiness and interest, the traditional method of instruction may not make effective teaching feasible. The paper analyzes researchers' investigations on problems of mixed-ability classes. The aim of this investigation is to create a positive working environment, which is all part of ensuring better learning.

## ВЕБ СЕРВИСЛЕР ЖӘРДЕМИНДЕ ОҚЫЎШЫЛАРДЫҢ БИЛИМЛЕРИН БАҲАЛАЎ ҲӘМ АНАЛИЗЛЕЎ ИМКАНИЯТЛАРЫ

**Д.А.Кутлымуратова –** *үлкен оқытыўшы*

*Қарақалпақстан Республикасы педагогларды жаңа методикаларға үйретиў миллий орайы*

**Д.Х.Турдышов –** *үлкен оқытыўшы*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** Веб, веб-технологиялар, рақамли саводхонлик, ахборот, алоқа, электрон ресурс, интерактив таълим, интерактив топшириқ, веб-хизмат, викторина, тест, квест, пин код, QR код, викторина, плискерс.

**Ключевые слова:** Web, weб-технологии, цифровая грамотность, информация, коммуникация, электронный ресурс, интерактивное обучение, интерактивное задание, веб-сервис, викторина, тест, квест, пин-код, QR-код, quiz, plickers.

**Key words:** Web, web technologies, digital literacy, information, communication, electronic resource, interactive training, interactive task, web service, quiz, test, quest, pin code, QR code, Quiz, plickers.

Мектепте алынған билим инсанлардың келешек жолын белгилеўши факторлардан бири есапланады. Көпшилик билимди баҳа менен өлшейди. Бирақ, баҳа билимлерди баҳалайтуғын анық критерия емес. Бәлким, оқыўшыларды активлестириўши, оларды хошаметлеўши қураллардан бири.

Ҳәр бир оқытыўшының өз жумыс алып барыў усылы, баҳалаў методлары бар. Оқыўшылардың билим ҳәм көнликпелерин улыўма анализ етиў, мәмлекеттеги билимлендириў сапасын белгилейди. Соның ушын, оқыў жылы даўамында ҳәр бир билимлендириў мәкемелеринде белгиленген тәртипте ишки ҳәм сыртқы мониторинглер өткерилип барылады. Мониторинг нәтийжесинде ең үлгили мектеплер избе-излиги, оқытыўшылар потенциалы, оқыўшылардың өзлестириў дәрежелери анықланады. Анализленген мағлыўматлар тийкарында ҳәр бир билимлендириў мәкемеси билимлендириў сапасын арттырыў бойынша келешек режелерин ислеп шығады.

Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2019-жыл 29-апрелдеги "Өзбекстан Республикасы халық билимлендириў системасын 2030 жылға шекем раўажландырыў концепциясын тастыйықлаў ҳаққында"ғы ПП-5712 санлы пәрманы қабылланды, бул концепция тыйкарында төмендегилер нәзерде тутылған: [1]

-Үзликсиз билимлендириў системасы мазмунын сапа тәрепинен жаңалаў, соның менен бирге профессионал кадрларды таярлаў, қайта таярлаў ҳәм қәнигелигин арттырыў;

-оқытыў методикасын жетилистириў, тәлим-тәрбия процессине индивидуалластырыў принциплерин басқышпа-басқыш енгизиў;

-халық билимлендириў тараўына заманагөй информацилық-коммуникация технологиялары ҳәм инновациялық жойбарларды енгизиў.

Бүгинги күнде оқытыўшылар сабақларда оқыўшылардың билимлерин баҳалаў ҳәм анализлеўде қандай машқалаларға дус келип атыр. Оқыўшылардың билимлерин баҳалаўдағы машқалалардан, класта оқыўшылар санының көплиги, ўақыттың жетиспеўи, кластағы оқыўшыларды толық баҳалаў ҳәм анализлеў имканиятының жоқлығы. Оқытыўшылар оқыўшылардың билим ҳәм көнликпелерин баҳалаў ҳәм анализлеўде компьютер технологияларынан, түрли веб қураллардан пайдаланыў арқалы жоқарыдағы машқалаларға бир тәреплеме шешим табыў мүмкин.

Цифралық саўатлылық-инсанның күнделикли өмирде ҳәм искерлигинде информациялық коммуникациялық технологияларды қоллана билиўи бүгинги тез раўажланып атырған заманда цифралылық, саўатлы жазыў ҳәм оқыў қәбилети сыяқлы үлкен талапқа ийе болды [2].

Жеке компьютерди еркин қоллана билетуғын, оқытыў процесинде пән бойынша электронлы түрде орынлайтуғын тапсырмалар системасы енгизилген электронлы технологияларда қоллана алатуғын, өз ресурсларын жаңалап баратуғын педагоглардың цифрарлық саўатлылығы үлкен әҳмийетке ийе [3].

Ҳәзирги ўақытта информациялық технологиялардың заманагөй талапларына сай раўажланыў билимди баҳалаў ҳәм пайдаланыў системасын турақлы түрде өзгертип барыўды талап етеди. Сол себепли оқытыўда қолланылатуғын усыллар, методикалар, технологиялар билим бериў талапларына сәйкес жаңаланып барылады. Сапалы билимди ийелеўге умтылған жас әўладтың жеткиликли цифралық билими бар, себеби олар өз заманының жаңа технологияларының барлық имканиятларын пайдаланады. Усы имканиятлардан нәтийжели қолланыў оқытыўшының билимине, шеберлигине ҳәм тәжирийбесине байланыслы.

Шет ел тәжирийбелери бойынша оқытыўшылардың искерлигине көз жүритетуғын болсақ, олар арасында веб-сервислерден кең пайдаланатуғынлығын көриуимиз мүмкин. Бундай сервислер саны оғада көп, әсиресе пүткил дүнья жүзлик пандемия дәўиринде булар және де раўажланды, саны артты ҳәм оларға деген талап бир қанша артты. Бул сервислерден оқыўшылардың өзлестирген билимлерин беккемлеўде, оқыўшылардың билимин баҳалаўда, жаңа материалды өзлестириўде пайдаланыўға болатуғын видео көринислер таярлап, қолланыўға болатуғын ҳәр қыйлы типтеги веб сервислер де ушырасады. Бул сервислердиң барлығында оқытыўшылар өзлериниң педагогикалық искерлигинде пайдаланыў ушын өзлери дөретиўшилик етип интерактив шынығыўлар, тапсырмалар, тестлер, сораўнамалар, презентациялар,

видеокейслер, жумысшы дәптерлер ҳәм басқада тапсырмаларды жарата алады. Булардан: Quizizz, Socrative, Google forms, Learningapps, Plicers, Liveworksheets ҳ.т.б.

Булардың барлығы оқыўшыларды баҳалаўға арналған интернет-қурал болып табылады. Әлбетте, ҳәр бири өзине тән өзгешеликлерге ийе болғаны менен, сервислердиң ислеў принциплери бир бирине уқсас болып келеди. Яғный, оқытыўшы өзи тест ҳәм тапсырмалаар дүзип, оны редакторлай алыў имканиятына ийе. Ал, оқыўшы болса, компьютер, планшет ямаса смартфонларынан пайдаланып, тапсырма кодын ҳәм өз атын киритип, яғный тест (тапсырмалар) қәлеген интернетке жалғанған қурылма арқалы пайдаланылады. Мысалы ушын, қәлеген оқыў пәни менен қәлеген жасқа сай келетуғын ойын түринде оқытыўға арналған платформалар. Олардың көмеги менен тест, сораўнама, оқыў ойынын жаратыўға ямаса билим марафонын шөлкемлестириўге болады. Қосымша жумыс столы нусқасында да, смартфонларда да жумыс ислейди.

Kahoot қосымшасының жәрдеми менен онлайн сораўнамалар, викториналар жаратыўға ҳәм оны өткериўге болады. Kahootта жаратылған тапсырмалар оларға сүўретлерди ҳәм видеофрагментлерди қосыўға имканият береди. Викториналарды, тестлерди орынлаў тезлиги ҳәр бир сораў ушын ўақыт шегин киритиў жолы менен анықланады. Оқытыўшы қойылып атырған сораўлардың жуўаплары ушын баҳалаў балларын кирите алады, бунда дурыс жуўаплар ҳәм тестти орынлаў тезлиги ушын оғада зәрүрли. Табло оқытыўшының компютериниң мониторында көрсетиледи. Тестке қатнасыў ушын оқыўшылар сервисти ашып, оқытыўшының өз компютеринен усынатуғын ПИН-кодты киритиў керек. Оқыўшы ушын өз қурылмасынан дурыс жуўапты таңлаў қолайлы. Жуўап нусқалары геометриялық фигуралар менен бериледи.

Kahoot өзгешеликлериниң бири-ўақытты үнемлеўге мүмкиншилик беретуғын тестлерди қайталаў ҳәм редакторлаў имканияты.

Бул сервистен тапсырмаларды жаратыў ҳәм оларды сабағымызда пайдаланыўымыз ушын, әлбетте, биз бул сервистен дизимнен өткен болыўымыз керек, яғный усы сервис ағзасына айланыўымыз керек. Бундағы жақсы имканият сизиң google деги аккаунтыңыз арқалы да, синхронизация қылыў арқалы да бул сервиске ағза бола аласыз.

Бул сервиске ағза болғанымыздан кейин бизге тест тапсырмаларын ямаса сабақ жаратыўды усынады. Егер де биз тест тапсырмаларын жаратыўды қәлесек, интерактив тапсырмалардың төмендегише түри усынылады:

• Big choice – бир дурыс жуўаплы тест;
• Checkbox – бирнеше дурыс жуўаплы тест;
• Fill in the form – бос орынларды толықтырыў;
• Interview – сораўнама.

Усы көринистеги тест тапсырмаларын жаратыў имканиятына ийе боламыз, егер де сизде Excel файлда тест базаңыз бар болатуғын болса, онда сиз усы тест базаңызды бул сервиске импорт қылыў арқалы тапсырмаларыңызды қысқа мүддетлерде таярлай аласыз. Сизге бундай тестлерди импорт қылыў ушын сизге шаблонды сервис усыныс етеди ҳәм сиз усы шаблондағы көриниске алып келиўиңиз керек болады.

Ал таяр болған тест тапсырмаларын болса, сабақ ўақтында пайдаланыўыңыз мүмкин, сервис сизге тапсырмаңыздың кодын, силтемесин ямаса QR кодын усынады. Сиз сабақта компьютер класслардан пайдаланатуғын болсаңыз, онда әлбетте тапсырма кодын киритиў арқалы, егер сиз оқыўшылардың қолындағы телефон ямаса планшетлерден пайдаланатуғын болсаңыз, онда QR кодлардан пайдаланғаныңыз оғада қолайлы.

Quizizz бул – викторина, тест, сораўнамалар таярлаў менен биргеликте, синхрон ҳәм асинхронды сабақларды шөлкемлестириў имканиятын беретуғын онлайн сервис.

Quizizz сервисиниң артықмашалығы – тест нәтийжелерин MS EXCEL кестели редакторы көринисинде бизге таяр етип усынады, биз бул файлды жүклеп алыў арқалы қағазға шығарып алыўымыз мүмкин. Сондай-ақ, ата-аналар да өз балаларының билим дәрежесин, қалай жуўап бергенлигин көре алады. Ол ушын оқытыўшы сервис усынған ата-аналарға почта арқалы жибериў түймесине басыў арқалы әмелге асырылады.

Соның менен бирге, үй тапсырмасын тексериўде оқыўшылардың жетискенликлери менен қәтелеринде улыўма талқылаўы, қыйыншылық түўдырған жерлерди көрсетип өте алады.

Жаңа билимди бериўде де ҳәр қыйлы көринисте усыныў мүмкин, қандай да бир қосымша дереклерге силтемелер бериў арқалы, соның менен бирге ақылый ҳүжим сораўларын усынып, ҳәр бир оқыўшының бул сораўларға жуўаплары виртуал доскада оқытыўшыға көринип турыўы да, ҳәр бир оқыўшының жуўабын талқылаў имканиятын береди.

Quizizz сервиси Kahoot қа оғада уқсас, оқыўшыларды баҳалаўдың интернет веб қуралы болып табылды, бирақ айрым өзгешеликлери бар.

Бул қуралдың көмеги менен төмендегилерди әмелге асырыўға болады:

- ✓ оқыў ҳәм үйрениў процессин қолланыў;
- ✓ ойынлар менен викториналар өткериў;
- ✓ жарыслар шөлкемлестириў (жеке ҳәм топарларда);
- ✓ тест алыў;
- ✓ тест алыў даўамында кластағы бослықты анықлаў
- ✓ Ең қыйын сораўды анықлаў ҳәм ең аңсат сораўды анықлаў
- ✓ үй жумысын бериў;
- ✓ ҳәр оқыўшының нәтийжелерин қадағалаў;
- ✓ ҳәр бир оқыўшыға автомат түрде кери байланыс бериў
- ✓ презентацияларды синхрон ҳәм асинхрон усыныў

Биз тоқталып өткен бул веб сервислер ушын әлбетте, оқыўшылардың қолына телефонға жалғаныў қурылмалары керек болады, ямаса компьютер класында әмелге асырылыўы керек. Бул өз гезегинде оқытыўшыларымызда машқалаларды келтирип шығарады, яғный мектеплерде компьютер класлардың жетиспеўшилиги, сондай-ақ, оқыўшыларға сабақларға телефон алып келиў мектептиң ишки тәртиби бойынша қадаған етилгенлиги.

Бундай жағдайда унамлы шешим табыўға болады, яғный бундай ўақытта биз Plickers веб сервисинен пайдаланыўымыз мүмкин.

Plickers – бул оқытыў процесинде қолланылатуғын сенсорлық веб сервис. Бунда оқытыўшы өз тестлерин қоса алады, тестлер 4 варианттан ибарат болыўы керек, бунда оқыўшылардың қолында смартфонлар болыўы талап етилмейди. Бул сервис оқытыўшыға QR кодлы карточкаларды усынады, бул карточкаларда А, Б, С , Д деген атамасы геометриялық фигуралы карточканың ҳәр бир мүйешине белгиленген болады. Оқытыўшы дүзген тест мониторда пайда болған ўақытта оқыўшы дурыс деп есаплаған тәрепин жоқары көтериўи керек болады. Оқыўшының жуўабы (қолларындағы карточкалардағы QR кодлар) оқытыўшы смартфоны жәрдеминде сканерленеди. Усылайынша, билим алыўшының академиялық билим дәрежелери баҳаланады.

Ҳәр бир оқыўшының билим дәрежесин талапқа сай көтериў ушын алдыңғы методикалық технологиялар

зәрүр. Усы жаңа озық методикалық технологиялар менен қуралланған, заман талабына сай оқытыўдың жаңа усылларын, яғный информациялық коммуникация технологияларды толық меңгерген педагог ғана оқыўшылардың сапалы билим алыўына имканият жаратады.

Усы қосымшалардың бирин таңлаў барысында мақсетлерге ерисиў ҳәм билимди ийелеў көзленеди. Сондай екен, биз сөз еткен қосымшалардан сабақларда пайдаланғанымызда, сабақта алынған билимди беккемлеў, топарлық ҳәм жуплықларда жаңа материалларды өзлестириў, үй жумысын тексериў басқышларында қолланыўға болады.

Ҳәр бир педагог ушын сабақты нәтийжели, түсиникли ҳәм қызықлы етип өткериўде, сондай-ақ, оқыўшылардың билим ҳәм көнликпелерин баҳалаў ҳәм анализлеўде бундай веб-сервислерден пайдаланыў жақсы нәтийжелер бериўи сөзсиз. *Жаңа технологиялардың тез пәт пенен раўажланып барыўын есапқа алсақ, бул сервислер ўақыт өткен сайын жаңаланып, жаңа имканиятлар менен толықтырылып барылады.*

Биз қайсы пән болмасын, атап өтилген ресурсларды пайдаланыў өз нәўбетинде, оғада нәтийжели ҳәм оқыўшыға қызықлы етип жеткериўде сабақлыққа алтернативли қосымша есапланады. Бул ресурслардың дәстүрли оқытыў тәжрийбесин толықтырыўға ҳәм кеңейтиўге арналған жеке оқыў компеклекси болып табылады.

Ресурсларды пайдаланыў сабақты беккемлеп ғана қалмастан, оқыўшылардың теманы толық өзлестириўине, соның менен бирге «мийге қоныўына» тәсирин тийгизеди. Себеби, визуал көринислерди қабыл етиў арқалы информацияларды ядта тез ҳәм узақ ўақытқа сақлаўға көмеклеседи.

Бүгинги күнде мәмлекетимизде билимлендириў системасында үлкен реформалар әмелге асырылып, раўажланған мәмлекетлерден үлгилер алып оларды өзимизге сәйкеслестирип, оларды мәмлекетимиз тәжрийбе мектеплеринде сынақтан өткерилмекте. Мәмлекетимизде Кембридж системасы ямаса Финляндия тәлиминен үлги алсада, бир нәрсе өзгериссиз қалады, ол да болса, қайсы раўажланған мәмлекет тәлимин алып қарасақта онда оқытыўшылардың цифралық саўатлылығы алдыңғы орында турады.

Солай екен, оқытыўшыларымыздан бүгинги күнде бундай цифралық технологиялардан пайдаланыў көнликпелерин арттырып барыўлары ең актуал мәселерден есапланады. Бундай инстурментлерден пайдаланған оқытыўшы сабақларының нәтийжелилигине ерисип қоймастан, өзиниң дөретиўшилигин раўажландырып, сондай-ақ, сабақлары ушын тапсырма ҳәм шынығыўларды ҳәр қыйлы формаларда таярлаў да ҳәр қыйлы идеяларды алып отырады.

Жуўмақлап айтқанымызда, оқытыўшылар сабақларында оқыўшыларды билим ҳәм көнликпелерин баҳалаў ҳәм анализлеўде веб сервислерден нәтийжели пайдаланыў, оқыўшылар билимлерин әдалатлы баҳалаўға, сабақты баҳалаўда ўақытты үнемлеўге ерисиледи. Сондай-ақ, веб сервислер усынған есабат, анализ мағлыўматлар арқалы, оқыўшылар билим ҳәм көнликпелериндеги бослықларды анықлаў имканиятларын береди.

**Әдебиятлар**

1. Ўзбекистон Республикаси президентининг «Ўзбекистон Республикаси халқ таълими тизимини 2030 йилгача ривожлантириш концепциясини тасдиқлаш тўғрисида»ги ПФ-5712 сонли фармони. Ўзбекистон Республикаси Қонун ҳужжатлари маълумотлари миллий базаси веб-сайти- www.lex.uz.

2. Бороненко Т.А., Кайсина А.В., Федотова В.С. Развитие цифровой грамотности школьников в условиях создания цифровой образовательной среды // Перспективы науки и образования. 2019 № 2 (38). – С. 169

3. Якунин А.Ф. (2016) Информационно-коммуникационные технологии и цифровая грамотность педагога // Вестник Таганрогского института А.П. Чехова. №1. – С. 468-471.

**РЕЗЮМЕ.** Ушбу мақолада ўқитувчининг ахборот компетентсиясини ошириш, веб-хизматлардан фойдаланган ҳолда талабалар билимини баҳолаш ва таҳлил қилиш, шунингдек, талабаларнинг билим ва кўникмаларини аниқлаш ва баҳолашда веб-хизматлардан самарали фойдаланиш усуллари ҳақида сўз боради.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье говорится о повышении информационной компетентности преподавателя, оценке и анализе знаний учащихся с помощью веб-сервисов, а также о методах эффективного использования веб-сервисов при определении и оценке полученных знаний и умений учащихся.

**SUMMARY.** This article talks about increasing the informational competence of the teacher, evaluating and analyzing the knowledge of students using web services, as well as methods of effective use of web services in determining and evaluating the acquired knowledge and skills of students.

## JISMONIY TARBIYA DARSLARIDA MILLIY HARAKATLI O ‘YINLARNING O‘RNI

**P.Qaljanov** – *katta o‘qituvchi*
*Ajiniyoz nomidagi Nukus davlat pedagogika instituti*

**Tayanch so'zlar:** jismoniy tarbiya, sport, jismoniy harakat, jismoniy madaniyat, gigienik omillar, jismoniy faoliyat, sog‘lom turmush tarzi.

**Ключевые слова:** физкультура, спорт, физическое движение, физическая культура, гигиенические факторы, двигательная активность, здоровый образ жизни.

**Key words:** physical education, sport, physical movement, physical culture, hygienic factors, physical activity, healthy lifestyle

Bolalar va yoshlarning maktabdan tashqari sport ta’limi tizimini tubdan takomillashtirish orqali iqtidorli sportchilarni aniqlash, tanlash va saralash (seleksiya)ning yangi mexanizmlarini joriy qilish, sportchilarning Olimpiya va Osiyo o‘yinlarida, boshqa nufuzli xalqaro musobaqalarda ishtirok etishi hamda yuqori natijalarga erishishini ta’minlash bo‘yicha bugungi kunda birqancha ishlar amalga oshirilyapti.

O'qituvchi har bir dars uchun bolalar organizmiga har taraflama ijobiy ta’sir etuvchi turli harakatli o‘yinlami tanlashi va ulami o'tkazishda har xil usullardan foydalanib borishi lozim. Darsda, shuningdek, turli o'yinlami o‘tkazish jarayonida o‘rganiladigan materiallarning metodik jihatdan izchilligiga alohida e’tibor berish muhim ahamiyatga ega. Chunki bu izchillik, birinchidan, darsning ta’limiy va tarbiyaviy vazifalarini to‘g'ri hal qilish, ikkinchidan, dars materiallarini to'liq o‘tishga erishish, uchinchidan, butun dars davomida har bir mashqni muayyan me’yorda amalga oshirish imkonini beradi.

Bolalar uchun harakatli o‘yinlarning roli ularda muayyan jismoniy xislatlar hosil qilish va bu xislatlarni o‘stirish bilangina chegaralanmaydi. Harakatli o‘yinlardan bolalarni intizomli qilib tarbiyalash va jamoada o‘zini to‘g‘ri tuta bilishga o‘rgatish uchun ham foydalanish mumkin. Xuddi mana shunday jamoada bolalar birgalikda harakat qilish va o‘z o‘rtoqlariga yordam berishga o‘rganadilar

Jismoniy tarbiya nazariyasi va amallyotlda jismoniy madaniyat, sport harakati va jismoniy tarbiya vositalari maxsus tizimlar turkumi deb ishlatiladi. Jismoniy tarbiya tizimining muhim bosqichlaridan biri jismoniy vositalardir.